

# दृश्य कला

**शिक्षक हेतु**

- छात्रसभकेँ सुविधाजनक रूपसँ बइस कऽ काज करबाक हेतु पर्याप्त स्थान प्रदान करू, जतए हवा आ प्रकाशक पर्याप्त व्यवस्था होइ।
- छात्रसभक काज केर प्रदर्शन हेतु डिसप्ले बोर्ड लगाउ, जाहि पर ओकरा सभकेँ प्रेरित करएबला सामग्री नियमितरूपसँ बदलल जा सकइ।
- छात्रसभकेँ अपन विचार, कल्पना, भावना आ जिज्ञासा व्यक्त करबाक हेतु प्रोत्साहित करू, आओर ओकर मौलिकता आ निर्दोषिताकेँ ओकरासभक काजमे प्रतिबिम्बित होब दियौ।
- एहन गतिविधिकेँ प्राथमिकता दियौ जाहिसँ विद्यार्थीकेँ कक्षामे अपन विचारकेँ राखएमे, ओहि पर प्रयोग आ चर्चा करएमे सुविधा होइ।
- काज करबाक बाद सफाइ केर आदति, उपयोगक बाद सामग्रीकेँ उपयुक्त स्थान पर राखब आओर कला सामग्रीक देखरेख आ व्यवस्थापनक सरल आदैत बनाउ।
- छात्रसभकेँ प्रोत्साहित करू जे घर पर ओ अपन गतिविधि पर चर्चा करए सङ्गहि छात्रक माता-पिताकेँ ओकर कला-संस्कृतिक शिक्षा आ अभ्यासमे शामिल करू।



© NCERT not to be republished


# 1 कलामे वस्तु

हमसभ अपन चारूकात विभिन्न प्रकारक वस्तु देखैत छियै। सभदिन ओकर उपयोग काज, सजाओटि, शिक्षा, विद्यालय आ घरमे करैत छियै। विभिन्न सामग्रीसँ बनल एहि वस्तुसभक बनाओट अद्वितीय अछि ।

0337CH01


















एहि अध्यायक अन्त होबए धरि अहाँ वस्तुक खाका बना सकैत छी, रङ्ग कऽ सकैत छी आ माटिक स्वरूप बना सकैत छी। ई अहाँकेँ विभिन्न वस्तुक **रङ्ग, रूप आ आकार** केर सङ्ग ओकर सामग्रीक विषयमे सिखाओत।



## गतिविधि 1 रेखाक खेल

कगतियासँ एकटा खूब लम्बा रेखा धीचू।
किछु रेखा जल्दीसँ आ किछु रेखार्कें अस्थीरसँ घीचू।

- कनिक दाबि कऽ मोटगर आ गाढ़ रेखा घीचू।
- हल्लुक हाथे पातर आ हल्लुक रेखा घीचू।

निम्न प्रकारक रेखासभ घीचू—

**लहरदार रेखा**

**टेढ़-मेढ़ रेखा**

**बिन्दीबला रेखा**

**डैसबला रेखा**

**ठाढ़ रेखा**

**पड़ल रेखा**

**ढ़लान रेखा**

**घुमावदार रेखा**

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 2 अपना चारुकातक वस्तुक रेखाङ्कन आओर रङ्ग करब

अपन चारुकातक किछु वस्तु के स्पर्श कऽ क' देखू। ओकर **रेखा**, **आकार** आ **रङ्गक** अवलोकन करू।

भिन्न आकार आ रङ्गक कोनो तीनटा वस्तुक रेखाङ्कन करू।



**निरन्तरता राखू: कागतक टुकड़ी पर, बोर्ड पर, वा चित्रकारीक पोथीमे विभिन्न प्रकारक आओर चित्र बनाउ।**

© NCERT not to be republished

अपना घरक किछु वस्तुक रेखाङ्कन कऽ ओकरा रङ्ग करु।

अपन घरक चारूकात देखू आ विभिन्न **आकार- प्रकारक** वस्तुक खोज करु। जकर उपयोग एहि हेतु कएल जा सकए:

- भोजन बनायब
- काज करब
- अध्ययन करब
- सूतब
- खेलब

ओहिमे सँ किछु केर रेखाङ्कन करु आ ओकरा रङ्ग करु।

अपन चित्र अपन सहपाठीकेँ देखबियौ।



© NCERT not to be republished


## गतिविधि 3 नकल उतारू, काटू आ ओवरलैप करू


ई गतिविधि कोनो तीन अलग-अलग वस्तुक उपयोग कऽ कएल जा सकैत अछि, जेना की कोनो पात, छोट बासन, आ कोनो आओर वस्तु।

**चरण 1**

कोनो तीनटा वस्तु चुनु आओर ओकर रेखाङ्कन करु



वस्तु 1


वस्तु 2


वस्तु 3

**चरण 2**

अपन रेखाङ्कित चित्रसभ पर ट्रेसिंग पेपर राखि तीनूक रूपरेखा अलग कागत पर बनाउ।




**शिक्षक केर टिप्पणी**

- अनुरेखणमे हाथक गति सम्मिलित अछि आ एहिसँ पेन्सिल पर पकड़ बनैत अछि।
- ओवरलैपिंग नव आकार आ रङ्ग बनबै मे मदैत करैत अछि।


**चरण 3**

तीनू वस्तुक अनुरेखण (ट्रेसिङ्ग) काटि लिय।



**चरण 4**


ड्राइङ्ग पेपर पर पहिल कट-आउट केर अनुरेखण बनाउ।



© NCERT not to be republished


## चरण 5

दोसर कट-आउट केँ किछु ओवरलैप केर सङ्ग पहिल पर राखू आ ओकर रेखाङ्कन बनाउ।



## चरण 6

तेसर कट-आउट पछिला पर पुन: किछु ओवरलैप केर सङ्ग एकर रूपरेखा बनाउ।
वाह! आब देखू अहाँ एकटा नव आकार बना देलियै!



## चरण 7

प्रत्येक आकारकेँ अहाँ तीन अलग-अलग **लाल**, **पीयर**, आ **नीलरङ्गमे** रङ्गि दियौ।
अहाँ जलरङ्गक प्रयोग कऽ सकैत छी।
अद्भुत! ओवरलैपिङ्ग क्षेत्रमे अहाँकेँ तीनटा नव रङ्ग देखबा लेल भेटत।



## चरण 8

अपन काज पूर्ण करू, आ सब साफ करू।

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 4 एकटा बोतल रेखाङ्कित करु आ ओकर आकार केर सङ्ग खेल करु

हम बोतल केर टोपी/ढ़क्कन छी।

हमरा लगैए अहाँ हमर आकार जनैत छी।

हमर बोतल हेरा गेल अछि।

की अहाँ हमरा लेल एकटा बोतल बना सकैत छी?

जेहन बोतल अहाँ देखि रहल छी ओहि सँ एकरा अलग बनाउ।

वा, हम नहि जनैत छी जे एहिमे सँ कोन हमर अछि!

जँ अहाँ दूटा बनाएब,

तखन तऽ एहि सँ हमर मित्रकेँ सेहो बहुत प्रसन्नता हेतैक।

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 5 माटिसँ खेलू

माटिसँ खेलएब की आनन्ददायी नहि होइ अछि?

विभिन्न **आकार** आ **रूप** केर वस्तु माटिसँ बनाओल जा सकैत अछि।

किछु वस्तुक मूल आकार रेखाङ्कित करु जे अहाँक परिवेशमे अछि। अहाँ ओहिमे अद्भुत विशेषता जोड़ि अपन विचार साझा कऽ सकैत छी।

ओकरा माटीसँ बनौनाइ शुरू करु आ काठी केर उपयोग कऽ नक्कासी, पैटर्न, बिन्दु आओर रेखा जोड़ू।



ओकरा पूर्ण करू आओर अपन वस्तु सभकेँ भिन्न नाम दियौक।

अपन वस्तु बनेलाक बाद हाथ धोनाइ आ ओहि स्थानकेँ साफ कएनाइ नहि बिसरब!

**अहाँकेँ बूझल अछि की ?**

भारतीय सङ्गीतमे माटिक एकटा विशेष रूपसँ बनल बासनक उपयोग वाद्ययन्त्रक रूपमे सेहो कएल जाइत अछि। एकरा **घटम** कहल जाइत छैक।

**निरन्तरता राखू: कोनो स्थानीय सङ्ग्रहाल, शिल्प मेला अथवा कुम्हार ओतय जाउ। अहाँकेँ माटिक विभिन्न प्रकारक वस्तु भेटत। जे अहाँकेँ वास्तवमे पसीन अछि ओकरा रेखाङ्कित करु! ई आनन्ददायक हएत!**



## गतिविधि 6 बासन बनौनाइ

1. एहि चित्रमे अहाँकेँ कोन वस्तुसभ देखा रहल अछि?

2. केहन आकृतिक आ प्रकारक वस्तु अहाँ देखलहुँ?

3. एहि चित्रसभमे लोकसभ की कए रहल छथि?



एकटा बासनकेँ सजएबाक प्रयास करू।